

MEMORANDÒM

POU: Komite Lekòl la

DE: Deborah Lang Froggatt, Ph.D.

CC: Sipèentandant Brenda Cassellius
Chèf Ekip Mary Dillman
Konseye Prensipal Megan Costello

DAT: 14/9/2021

RE: Plan Stratejik 2022-2026 pou Sèvis Bibliyotèk pou Sèvis Lekòl Piblik Boston

Plan Stratejik 2022-2026 pou Sèvis Bibliyotèk Lekòl Piblik Boston se yon plan senk lane ki sèvi kòm yon limyè pou planifye ak fasilite aksè ekitab nan pwogram bibliyotèk lekòl efikas pou distri a. Bi lank yo konfòme dirèkteman avèk Plan Stratejik Lekòl Piblik Boston 2020-2025 lan. Plan sa a sèvi kòm yon repè pou Sèvis Bibliyotèk BPS la pou nou bat pou aksè ekitab nan bibliyotèk lekòl yo ak resous nan bibliyotèk yo. Epi tou plan sa a adrese kijan Boston pral itilize yon foul fon federal atravè Fon Sekou Dijans pou Lekòl Primè ak Segondè (*Elementary and Secondary School Emergency Relief Fund*) (ESSER) pou sipòte bibliyotèk ak bibliyotekè distri a.

Aktyèlman, nou nan dènye ane plan Sèvis Bibliyotèk BPS 17-21 la, ki te apwouve pa Komite Lekòl BPS la nan jou 21 Septanm 2016.

Plan 22-26 la genyen ladan li:

- Yon Rezime Egzekitif
- Deklarasyon Vizyon, Misyon ak Teyori Aksyon Sèvis Bibliyotèk BPS
- Pèsonèl ak Istwa Sèvis Bibliyotèk BPS
- Naratif Aktyèl pou Pwogram nan
- Angajman Kle yo ak Bi Lank yo

Komite Komisyone Bibliyotèk Massachusetts la resevwa epi apwouve plan stratejik depatman bibliyotèk distri skolè a. Yon fwa yo apwouve li, Bibliyotèk BPS yo kapab aplike pou sibvansyon Sèvis Bibliyotèk ak Lwa Teknoloji. Pou yon plan stratejik bibliyotèk lekòl oswa distri rete konfòme, fòk nou soumèt yon plan pou aksyon anyèl. Finansman pou sibvansyon sa yo sòti Enstiti Sèvis Mize ak

Bibliyotèk la.